Раздольевская СОШ

# Родительское собрание на тему:

# Расул Гамзатов "Вера Васильевна"









# 5 класс

**Учитель :**
**Магомедова Диана Ильясовна**

***Тема: Расул Х1амзатов «Вера Васильевна»***

***Дарсил мурад:*** *Расул Х1амзатил творчествоялъулгун лъай -хъвай гьабизе; ц1алул калам цебет1езабиялда т1ад х1алт1и; тарбия кьеялъул замана х1алт1изаби.*

***Дарсил алатал****: презентация, т1ахьал, журналал, видео фрагментал.*

***Дарсил ин.***

Лъимал, рорч1ами!

**Жакъа нилъер инеб буго рагьараб дарс. Жакъасеб дарс нилъеца байбихьила цо биценалдалъун.**

*Цо нухалъ г1акъичиясухъе вач1ун вуго цо г1олохъанав вас . Гьес кьун буго цо гьадингояб суал: жинда кинабго лъалин ,жинца киналго т1ахьалги ц1аланин,жинда лъалареб жоги гьеч1ин, гьелдеги живго ругьунлъанин. Дуца бицейин дие учитель къвараг1уневищ?*

*Г1акъилчи гьесда велъанила ва абунила: «Мун жиндихъе к1иго къоялдаса вач1айилан, дица гьелъие жаваб кьелин» . Гьев нахъе анила.*

*К1иго къоялдасан вас вач1анила г1акъилчиясухъе. Гьес абунила. Мун гьаб кагъатги босун айин, гьаб дуца щвезабе росулъе. Гьеб росуги буго г1ор бахун добехун. Г1урухъе щвейгун дуда гьенив ватизе вуго расачи , гьес щвезавилин мун дове. Хадусеб къоялъ радалго вахъун гьев щванила г1урухъе, гьенив гьесда расачи ватанила. Гьев расаялда рек1анила, ва унаго гьесда рак1алде щванила, нух кин батизе кколебали, жиндагоги лъалеб бук1инч1ила гьасда, расачиясда гьикъидал гьесдаги лъалеб батич1ила.*

*Гьев т1ад вуссун г1акъилчиясухъе вилълъанила, бит1араб нух лъазе бук1ине.*

*Гьесда г1акъимлчияс абунила: «Гьелейин дур доб суалалъе жаваб» дуда кинабго лъалеб бугин , дуе гьеб лъазе ресги бугин, амма доб нух лъач1ин дуе къвариг1ана гьеб бицунев чи. Кинабго жо лъазе ккани къвариг1уна учитель. Гьаб биценалъ бихьизабулеб буго киг1ан г1емер жо лъаниги учитель гьеч1ого щибго гьабизе бажарулареблъи.Учитель ккола – г1адан бит1арав нухде вачунев чи, г1умрудул т1оцебесеб кьуч1 лъолев чи.*

Лъимал жакъа дарсида нилъеца х1адур гьабила буклет. Лъалищ нужеда щиб жо кколеб буклетали? Буклетилан абула к1иго-лъабго нухалъ сук1араб т1анчида. Гьеб къачазе бегьула суратаз яги текстал. Нилъецаги жакъа х1адурила гьадинаб буклет. Гьаб нилъер жеги ч1обого буго, дарсил ахиралда нилъеца гьаб берцинго къач1ала. Гьале гьалда х1адурун руго х1аялъе къот1елал. Нилъеца гьаниб рагьизе ккола к1иго раг1и. Дица кьураб

суалазда данде нужеца кьурал жавабазул т1оцебесеб х1арп лъезе ккола щибаб къот1елалда жаниб. Рач1а лъимал нилъеца биценк1аби ч1вазе? Байбихьилищ?

| | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| *Р* | *а* | *с* | *у* | *л* | | *Х1* | *а* | *м* | *з* | *а* | *т* | *о* | *в* |

***Т1оцебесеб суал.***

*-Азарго он баниги херлъулареб жо. (рак1)*

**К1иабилеб суал.**

-Балагьизе бигьаяб батизе зах1матаб. (адаб)

**Лъабабилеб суал.**

-Араб т1ад буссунареб жо.(заман)

**Ункъабилеб суал.**

-Азбаралъуб г1ари, цебесан лъен, нахъасан жул.(оц)

**Щуабилеб суал**.

-Берциназе берцинаб, сурукъазе сурукъаб, гьурмал лъик1лъи гурони рек1ел лъик1лъи лъалареб. (мат1у)

**Анлъабилеб суал.**

-Бусада жиб гьеч1ого г1олареб жо. (ургу)

**Анкьабилеб суал.**

-Салул авлахъалъул бищунго къо х1ехьолеб х1айван. (варани)

**Микьабилеб суал.**

-Саг1атги гуреб, г1адамал рорч1изабулеб. (х1елеко)

**Ич1абилеб суал.**

Дунял раг1алда дун к1алъаниги, раг1и хисич1ого дуда раг1улеб.(телефон)

**Анц1абилеб суал.**

-Сверухъ лъин, бакьулъ ц1а. (самовар)

**Анц1ила цоабилеб суал.**

-Х1алхьуда вехьас пулеб музыкалияб алат. (лалу)

**1. Дарсил цебе раг1и**

Гьалеха лъимал нилъер буклеталъул цо гьумер лъуг1ана.

Жакъа нилъеца дарсида лъай-хъвай гьабизе буго Расул Х1амзатовасул творчествоялъулгун, ва гьесул « Вера Васильевна» абураб коч1олгунги.

Расул Х1амзатов гьавуна 8 сентябралда 1923 соналъ Хунзахъ районалъул Ц1ада росулъ. Гьев гьавуна Ц1адаса Х1амзатил хъизамалда, гьев ккола Х1а**мзатил лъабабилев вас. Расулил к1иявго к1удияв вац рагъдаса вуссунаро.** Ц1адаса Х1амзатица гьит1инаб къоялдаса гьесие ц1алулаан жиндирго куч1дул- гьелги Расулида рек1ехъе лъалаан. Т1оцебесеб кеч1 Расулица хъвана ич1го сон бугеб мехалъ, гьес хъвана учителасул гьудулзабазул х1акъалъулъ. Анкьабилеб классалда ц1алулев вугеб мехалдаго бахъана Расулил т1оцебесеб кеч1 газеталда, Расулил коч1ое к1удияб къимат кьолеб бук1ана Ражаб Динмух1амаевас. Расулил куч1дул рахъизе байбихьана Хунзахъ районалъул газеталда ва Буйнакск шагьаралда. Гьес гьел хъвалел рук1ана инсул ц1аралдалъун. Цо нухалъ Расул куч1дул хъвалел рук1ин лъаларев цо маг1арулас абунила цебейин Ц1адаса Х1амзатил хъварал куч1дул цо ц1аларалго рич1ч1улаанилан, амма гьал куч1дул рич1ч1улел гьеч1илан. Гьелдаса нахъе Расулица байбихьанила жиндирго ц1аралдасан куч1дул хъвазе.

1940 соналъ Расулица лъуг1изабуна Буйнахъск педучилище. Росулъе т1ад вуссана- учителлъун. Х1алт1ана авартеатралда режисёрасул кумекчилъун, маг1арул передачабазул редакторлъун.

Т1оцебесеб куч1дузул т1ехь «Горячая любовь и жгучая ненависть»гьесул бахъана 1943 соналъ. Рагъулал соназда хъварал куч1дузулъ гье хъвалеб бук1ана бах1арчилиялъул х1акъалъулъ. Кого сон бараб мехалъ Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалъул членлъун х1алт1ана. Расулица ц1алана г1урус мац1алде Эффенди Капиевас руссинарурал жиндирго куч1дул. Гьес абуна гьесда мун Москваялде ц1ализе айин.

К1иго соналдасан росун жиндирго куч1дулгун Расул ана Максим Горькиясул ц1аралда бугеб Литературияб институталде ц1ализе. Литературияб инстуталда ц1алулаго гьесие поэзиялъул балъголъаби. Гьит1инго бокьулаан Расулилие г1урус литература ц1ализе. Инсуца т1амулаан гьев росдал г1адамазе Х1аж1имурадил ц1ализе, маг1арул мац1алде гьебги буссинабун , гьез абулаан гьадаг1ан бит1араб т1ехь аллагьас бахъун батилин. Расулида рек1ехъе лъалаан Крыловасул басняби.

1950 соналъ Расулица лъуг1изабуна литературияб институт, Расулица абулеб буго жинда гьениб лъанила хъах1аб т1анчида т1адеги къулун кодоб х1улиги хъвалелъул къимат.

1947 соналъ Расулил г1урус мац1алда хъвараб т1оцебесеб т1ехь къват1ибе биччана. Гьединго Расул т1ахьал Дагъистаналъул бат1и-бат1иял миллатазул мац1алдаги. «Нилъер муг1рул», «Дир ракь «, «дун гьавурав сон», «Зарема», «Кагътал», «Къункъраби2, «Дир Дагъистан» ва гьел гурел цогидалги.

Гьай кола Расулил ч1ужу Пат1имат. Гьей хвана 2000 соналъ. Гьесул руго лъабго яс Зарема, Пат1имат , Салих1ат. Гьабсаг1аталъ Салих1ат х1алт1илей йиго эбелалъул ц1аралда бугеб музеялда.

Гьединго Расулил асарал руссинаро бат1и-бат1иял мац1аздеги. Нилъер дагъистаналда гуребги Расулил ц1ар т1обит1араб буго т1убараб дунялалдаго, г1урус мац1алда гурелг Расулил асарал руссинарун руго бат1и-бат1иял х1укуматазул мац1аздеги. Гьединго Расулил куч1дул ах1ула сценаялда коч1охъабазги. Расул Х1амзатовасе щвана ункъо орден "орден Ленина, орденом Октябрьской Революции, лъабго орден Трудового Красного Знамени, орденами Дружбы народов, «За заслуги перед Отечеством», Петра Великого, болгарским орденом Кирилла и Мефодия, грузинским орденом «Золотое Руно», многими медалями".

2003 соналъ дунялда бищунго машгьурав маг1арулазул цевехъан Расул Х1амзатов нилъедаса ват1алъана. Жив хваниги Расулица нахъе тана абадиялъго к1очонарел асарал. Хваниги гьев нилъер рак1елъ ч1аго вуго .

## 5. Физминутка.

К1анц1е, к1анц1е, дир к1анц1ур, Дунги цадахъ к1анц1ила, Тире,тире дир торг1о,Дунги цадахъ тирила.

**2.Ц1ияб дарс**

**Жакъа ц1ализе буго «Вера Васильевна» абураб кеч1.**

**Гьаб кеч1 ц1алулаго нилъеда гьаниб батизе буго гьадинал раг1аби.**

**Раг1абазул баянал.**

**Г1азизаб**- гьайбатаб, хирияб.

**Нуха** –нух

**Бугьтанал** – мац1 гьаби, гьеч1еб мунагь т1адлъей.

**Панаяб** – бух1аяб.

**Коммунарал** –политрукал

**Кулак**-бугебщинаб бюечелъиги нахъе бахъун росу тун, рит1арал чаг1и.

**Рейхстагалъул къед** –Берлиналда фашисталзул х1укумат жаниб бук1араб минаялъул къед

**3.Дарс щула гьаби**

- Щай поэтас жиндирго т1оцеесей г1урус учительницаялда к1иабилей эбелилан абулеб?

-К1иабилеб рахьдал мац1лъун г1урус мац1 нилъеца къабул гьабиялъе г1илла щиб?

-Г1урус халкъалъ нилъер халкъалъе гьабулеб кумек Вера Васильевналъул ц1аралдасан кин бицунеб бугеб поэтас?

-Учительницаялъул бах1арчияб х1алтул х1асиллъун Расулица щиб-щиб рехсон бугеб.

**4. Дарсил х1асил гьаби**

Нилъер дарсил х1асил буклет бук1ине бугелъул, рач1а нилъеца гьеб къач1азе. Дица щибаб къокъаялъе кьела т1адкъай. Щибаб столалъул буго жидер-жидер ц1ар, гьез гьабизе бугеб х1алт1уда рекъараб.

Т1оцебесеб стол – биографал. Нужеца хъвала Расул Х1амзатил биографиялъул нужеда рак1алда ч1арал лах1затал.

К1иабилеб стол – словарияб. Нужеца нилъеда жакъа дандч1варал гьал ц1иял раг1абиги гъорлъе ккезарун, цо-цо предложение г1уц1е.

Лъабабилеб стол – хъвадарухъаби. Нужеца хъвала учителасде гьабураб кеч1

Ункъабилеб стол – коллажистал. Нужеца нужеда цере ругел суратазул гьаб гъвет1 г1уц1ила.

**5.Буклеталъул х1асил гьаби**

*Гьалеха лъимал, нилъер лъугьана гьадинаб буклет.*

*-Лъимал нужее жакъасеб дарс бокьанищ?*

*- Щиб пайда нужее жакъасеб дарсидаса щвараб?*

*Лъимал, нужее баркала. Къо -мех лъик1*